

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran ieu panalungtikan, bisa dicindekkeun kieu: Téma dina ieu novel téh bajoangna hiji budak dina nyanghareupan hirup nu pinuh ku kapeurih. Novel *Budak Minggat* diwangunku dua puluh hiji episode. Jalan caritana ngaguluyur, ku sabab kitu ieu novel téh miboga galur mérélé kayaning runtuyan galurna kabagi jadi lima nyaéta *situation, generating circumstance, rising action, climax, jeung denouement*. Tokoh utama dina ieu novel téh nyaéta Kampéng, sedengkeun tokoh nu liana aya 25 urang. Latar anu kapaluruh ngawengku 34 latar tempat, 57 latar waktu, jeung 2 latar sosial anu ngadominasi tina sakumna carita dina ieu novel. Judul novel *Budak Minggat* ngagambarkeun eusi carita dina ieu novel. Puseur implengan anu digunakeun ku pangarang dina ieu novel nyaéta jalma kahiji palaku utama, sedengkeun basa anu digunakeun ngagunakeun basa nu basajan, tapi ogé diseselan ku sababaraha gaya basa, babasan, jeung paribasa.

Sakumaha anu geus ditétélakeun saméméhna yén tokoh utama dina ieu novel téh Si Kampéng. Si Kampéng dicaritakeun budak umur 16 taun. Saupama disawang tina tiori psikologi perkembangan Piaget, Si Kampéng téh asup kana mangsa oprasional formal. Ku kituna kapanggih salapan karakteristik anu nyampak dina diri Si Kampéng, diantaranya waé aya karakter aktif jeung dinamis, pinter sabab ngalaman kamekaran kogntif, miboga ajén diri nu kuat, tanggung jawab, teu tégaan, miboga pamikiran anu logis, wani ngungkapkeun bebeneran, béla ka babaturan, rajin, jeung nyaah ka nu jadi kolot.

Sabada ditalungtik, novel *Budak Minggat* karya Samsodi bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran basa Sunda, hususna pangajaran maca novel di SMA, lantaran geus nyumponan kritéria milih bahan pangajaran maca novel, diantaranya basa, budaya jeung tingkat psikologi siswa. Carita dina ieu novel euyeb ku ajéninajén nu bisa mangpaat tur jadi conto pikeun kahirupan siswa sapopoé.

Contona waé ajén atikan karakter, nu bisa jadi cecekelan, boh pikeun guru, boh pikeun murid sangkan dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

5.2 Implikasi

Implikasi anu dipiharep sabada réngséna ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina élmu atawa tiori anu digarap, bisa nyangking data ngeunaan psikologis perkembangan sangkan kahareupna bisa ditalungtik deui leuwih nyuksruk jero.
- 2) Pikeun masarakat, nambahan élmu pangaweruh ngeunaan psikologi perkembangan nu kasampak dina novel *Budak Minggat* karya Samsodi.
- 3) Pikeun paguron luhur tempat kuliah panulis, ieu panalungtikan mugia bisa nambahan référénsi dina mata kuliah sastra anak atawa psikologi sastra.
- 4) Pikeun mahasiswa, jadi bahan pustaka dina panalungtikan-panalungtikan nu satuluyna.
- 5) Pikeun guru, dipiharep bisa ngamanpaatkeun hasil panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung psikologi perkembangan dina pangajaran maca novel di SMA.

5.3 Rékoméndasi

Sabada panalungtikan ngeunaan psikologi perkembangan tokoh utama dina novel *Budak Minggat* karya Samsodi dilaksanakeun, panalungtik ngarasa perlu pisan nepikeun sababaraha rékoméndasi pikeun pihak nu aya patalina jeung ieu panalungtikan sangkan leuwih gemet deui nalungtik perkara psikologi sastra.

Anu kahiji, dipiharep bisa ngajembaran perkara sumber-sumber paélmuan anu bisa méré mangpaat nu lewih keur jalma réa. Kadua, ieu panalungtikan téh masih kénéh aya kakuranganana, pikeun panalungtik saterusna dipiharep bisa leuwih deui neuleuman atawa leuwih maham ngeunaan élmu psikologi sastra hususna psikologi perkembangan. Lian ti éta ulah ngan saukur nganalisis unsur psikologi wungkul,

bisa ogé leuwih dieuyeuban ku sosiologi sastra. Katilu, pikeun guru, dipiharep bisa ngamanpaatkeun hasil panalungtikan ngeunaan ulikan struktural jeung psikologi perkembangan dina pangajaran maca novel di SMA.